

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kamekaran jaman anu beuki modérn, upacara tradisional salaku bagian warisan budaya karuhun bisa disebut masih miboga peran anu penting dina kahirupan masarakat. Kahanan upacara tradisional ngandung norma-norma atawa aturan-aturan pikeun hirup kumbuh masarakat nu nepi ka kiwari masih kénéh diagem tur dicekel sarta dilaksanakeun ku masarakatna.

Mungguh dina émprona tétéla beuki saeutik waé jalma anu wanoh kana kabudayaan atawa tradisi masarakat buhun, utamana mah para nonoman. Maranéhna éstu “poékeun” kana rupa-rupa tradisi kaasup kana ajén-inajénna anu kiwari mah geus loba kalindih ku budaya deungeun (modérn). Lian ti éta, kiwari mah pamikiran masarakatna geus leuwih rasional. Sedengkeun ngeunaan ajén-inajén utamana ajén falsafah nu nyangkaruk dina upacara tradisi leuwih nyindekel kana wangun nu irrasional, dina harti pikeun nimukeun hal-hal nu baris ditepikeun téh butuh pamikiran-pamikiran nu leuwih daria. Dina hiji upacara tradisi umumna leubeut ku ajén-inajén falsafah, biasana nyamuni henteu nembrak kalawan nonggérak. Ku kituna dibutuhkeun pamikiran nu leuwih jembar kana éta upacara minangka produk budaya.

Numutkeun Koencaraningrat (1985:1) yén kabudayaan téh minangka totalitas akal pikiran manusa dumasar kana nalurina, anu saméméhna aya prosés diajar. Éta akal pikiran téh digunakeun pikeun ngungkulan pasualan-pasualan dina hirup jeung kahirupanana anu ngabédakeun manusa jeung mahluk séjénna.

Upacara-upacara tradisi minangka warisan budaya anu dimumulé sacara turun-tumurun nu nepi ka kiwari téh mangrupa salasahiji wujud tina kahirupan manusa nu geus *bersosialisasi* jeung *berinteraksi*, boh jeung sasama boh jeung alam sabudeureun sarta jeung Nu Kawasa. Prosés ieu dilaksanakeun sacara turun-tumurun nu ahirna nepi ka jadi hiji tradisi. Sacara umum tradisi biasana dimaksudkeun pikeun nuduhkeun kana hiji nilai (ajén), norma jeung adat kabisaan

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nu tangtu nu nepi ka kiwari masih kénéh ditarima jeung diaku tur dipertahankeun ku masarakat nu tangtu (Herususanto dina Suherti 2009:1).

Kabudayaan téh raket pisan patalina jeung adat. Adat mangrupa hiji kabudayaan anu sipatna tradisional, sabab mangrupa bagian tina budaya. Ku kituna, adat atawa tradisi (kabiasaan) biasana sok ngawujud mangrupa upacara adat atawa upacara tradisi nu dianggap sakral, ogé biasana sok dilaksanakeun sacara turun-tumurun di kelompok masarakat. Ieu tradisi atawa adat téh umumna mah sok kasaksén di kampung-kampung, saperti anu kasaksén di Dusun Linggaharja. Upacara tradisi téh aya sababaraha rupa, gumantung kana kabiasaan daérahna. Sok sanajan ieu Dusun Linggaharja téh geus kaasup kana daérah transisi tapi disagédeungeun éta masarakatna masih kénéh nyekel pageuh kana tradisi karuhunna. Hal ieu maksudna pikeun miara tur ngamumulé budaya jeung adat kabiasaan, minangka wujud *nilai kebersamaan* dina kahirupan *bermasarakat*, pikeun sarana *pembelajaran* utamana pikeun genersai kiwari ngeunaan ajén-inajén nu nyangkaruk dina upacara tradisi *Nyacarkeun Jalan*. Lian ti éta, ieu tradisi dilaksanakeun salaku média pikeun masarakatna sangkan jadi cecekelan hirup kumbuhna, sangkan teu méngpar tina norma atawa aturan-aturan nu geus aya, nu geus dicekel pageuh ku masarakat saméméhna.

Rosidi (2011:16) nyebutkeun yén wangenan kabudayaan sélér bangsa di Indonésia umumna ukur ngawengku widang kasenian wungkul. Saperti dina sélér Sunda nu motékar téh ukur seni téater, seni tari, seni musik jeung sastra. Patali jeung éta hal sakumaha anu dijelaskeun ku Koentjaraningrat (1985:109) yén tiap sélér bangsa miboga kabudayaan anu sipatna *khas*. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan salasahiji sélér anu aya di Indonésia nya éta sélér Sunda, anu sacara géografis aya di Provinsi Jawa Barat. Sélér Sunda nya éta jalma anu ngaku jeung diaku ku masarakat salaku urang Sunda. Urang Sunda nya éta sakumpulan jalma anu digedékeun dina lingkungan sosial, budaya sarta norma-norma atikan budaya Sunda. Urang Sunda miboga kabudayaan anu ngagambarkeun kahirupan sélér Sunda. Saperti anu ditétélakeun ku Koentjaraningrat yén kabudayaan téh diwangun ku tujuh unsur, anu salasahijina

nya éta kapercayaan di mana adat, kabiasaan sarta kapercayaan raket pisan patalina jeung hirup kumbuh masarakat Sunda.

Upacara tradisi *Nyacarkeun Jalan* téh dilaksanakeun unggal taun. Ieu acara ngagambarkeun rasa sukur ka Pangéran tina sagala rupa ni'mat nya éta saperti ni'mat séhat, jeung sukuran kana hasil tatanén, jauh tina bancang pakéwuh, sarta ménta pituduh pikeun nyorang mangsa nu bakal datang. Upacara *Nyacarkeun Jalan* dilaksanakeun dina antara tanggal 12 Sapar nepi ka 12 Mulud pikeun mapag datangna bulan Mulud.

Upacara *Nyacarkeun Jalan* pikeun masarakat Kampung Linggaharja mah geus jadi hiji kapercayaan lokal sarta maneuh dilaksanakeunana. Ieu tradisi téh geus aya ti baheulana, sarta diturunkeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna. Masarakat percaya yén tradisi *Nyacarkeun Jalan* bisa ngadatangkeun kasalmetan jeung kabarokahan. Masarakat percaya yén éta kasalmetan bakal datang ti Nu Kawasa, ku kituna éta upacara tradisi téh dilakukeun kudu sacara ihlas.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Suryalaga (2009:41) yén kapercayaan tradisional sipatna lokal jeung *situasional* sarta dipangaruhan ku kondisi lingkungan alamna. Sacara tradisional leuwih *mapan*, dilaksanakeun jeung teu ngalaman loba parobahan. Tradisi/ adat anu diwariskeun ku karuhunna salawasna dimumulé tur dipaké ku masarakatna. Nu di jerona ngawengku simbol-simbol anu matalikeun antara *alam mikro* (diri manusa) jeung *alam makro* (di luareun dirina) salawasna jadi dasar filosofi hirup komunitasna. Kapercayaan anu sipatna lokal ieu hésé pikeun asup kana institusi sosial nasional-internasional. Tina taraf kapercayaan tradisional ieu hésé pikeun ngarobahna nu ahirna *timbul* samacam norma jeung étika anu dicekel pageuh ku komunitasna pikeun ngatur kahirupanana. Sangkan ieu tradisi *Nyacarkeun Jalan* henteu kalindih ku kamekaran jaman, tangtuna kudu aya tarékah anu jétu, salasahijina ngaliwatan atikan di sakola-sakola.

Dumasar kana SKKD SMA kelas XII, diébréhkeun perkara maca artikel ngeunaan kabudayaan. Dina SKKD siswa diperedih sangkan mampuh nyangkem kana budaya anu aya di tatar Sunda. Ku kituna, siswa diperedih mikawanoh

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

budaya atawa tradisi éta sorangan. Ku kituna, ku ayana panalungtikan ieu sajabana ti méré informasi, ogé mudah-mudahan bisa jadi pangdeudeul pikeun kaweruh siswa sangkan siswa apal kana upacara adat *Nyacarkeun Jalan* anu luhung ku ajén-inajén filosofis. Ti mimiti tahap tatahar, prak-prakanana, nepi ka saréngsena upacara katut dina sasajén anu digunakeun nalika upacara loba ngandung ajén-inajén filosofisna.

Lian ti éta, panalungtikan ngeunaan upacara *Nyacarkeun Jalan* téh dipiharep miboga mangpaat pikeun pangdeudeul jeung ngaguar sajarah katut ajén-inajén Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa numuwuhkeun deui rasa reueus jeung wanoh kana tradisi sorangan ogé sangkan generasi ngora miboga tarékah pikeun ngaraksa tur ngariksa tradisi karuhunna sangkan angger kapiara.

Ku kituna, penting pisan pikeun mikawanoh kana ajén falsafah nu nyangkaruk dina upacara *Nyacarkeun Jalan*, sangkan bisa maham jeung leuwih ngajénan kana sajarah jeung falsafah Sunda nu aya dina upacara *Nyacarkeun Jalan*.

Panalungtikan ngeunaan upacara *Nyacarkeun Jalan* saméméhna geus aya nu nalungtik, anu mangrupa tésis nu judulna *Deskripsi Karya Sekar Bonang Nayu dalam Upacara Nyacarkeun Jalan*, ku Ocoh Suherti 2009, tapi ieu panalungtikan mah leuwih museur kana unsur senina. Lian ti éta panalungtikan anu ngaguar ajén-inajén budaya geus aya sababaraha hiji, di antarana:

- 1) *Ajén Falsafah Upacara Sawér Pangantén pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMPN 12 Bandung Kelas VII Ngagunakeun Méthode Démonstrasi*, ku Temmy Widyastuti taun 2008
- 2) *Fungsi Ajén Palsapah dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kecamatan Subang*, ku Virda Sufia Haetami 2011
- 3) *Ajén Falsafah dina Upacara Adat Nyangku di Kampung Cukangpundung Desa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis pikeun Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII*, ku Tresna Yuniawati 2012
- 4) *Ajén Simbolis dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kabupaten Subang pikeun Salasahiji Alternatif Bahan Ajar di SMP Kelas VII (Ulukan Struktural – Sémiotika)*, ku Ayu Wahyuni 2012

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5) *Ajén Falsafah dina Upacara Adat Nyuguh di Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA*, ku Ari Firman Bustomi 2012

Dumasar pedaran di luhur, tétéla ulikan ajén falsafah kana upacara *Nyacarkeun Jalan* can kungsi digarap. Ku kituna merenah tur payus upama ieu panalungtikan téh kudu buru-buru dilaksanakeun sangkan teu “poékeun obor”. Saterusna ieu panalungtikan téh baris dijudulan “Ajén Falsafah Dina Upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ku lantaran upacara *Nyacarkeun Jalan* téh leubeut pisan ku ajén-inajén, ku kituna sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan baris diwatesanan ku hiji patalékan: “*kumaha kasang tukang kasajarahan dilaksanakeunna upacara Nyacarkeun Jalan, prak-prakan katut ajén falsafahna anu dipatalikeun jeung pangajaran?*”

1.2.2 Rumusan masalah

Saluyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha prak-prakan upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- 2) Ajén falsafah naon waé nu nyangkaruk dina upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- 3) Naha ajén falsafah dina upacara *Nyacarkeun Jalan* cocog atawa henteu pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta hayang maluruh leuwih jero tur teleb kana upacara *Nyacarkeun Jalan* nu aya di Dusun Linggaharja Desa

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara *Nyacarkeun Jalan* Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan:

- 1) Ngadéskripsikeun prak-prakan upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis;
- 2) Medar ajén falsafah anu nyangkaruk dina upacar *Nyacarkeun Jalan*; jeung
- 3) Nyusun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sababaraha mangpaat anu dipiharep bisa kahontal tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan nu aya di tatar Sunda, hususna Upacara *Nyacarkeun Jalan*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan élmu pangaweruh dina widang kabudayaan.
- 2) Pikeun Guru, nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan nu bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola.
- 3) Pikeun Siswa, mikawanoh kabeungharan budaya Sunda, hususna upacara *Nyacarkeun Jalan*.

1.5 Raraga Nulis Skripsi

Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penyusunan.

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara *Nyacarkeun Jalan* Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab II mangrupa bab anu medar ngeunaan tatapakan tiori nu aya patalina jeung panalungtikan. Dina bab II dipedar leuwih jero ngeunaan filsafat, budaya, sistem nilai (ajén) budaya, upacara tradisi *Nyacarkeun Jalan*, semiotika, jeung bahan pangajaran maca.

Bab III mangrupa bab anu medar ngeunaan métodologi jeung desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, kumaha prak-prakan panalungtikan jeung kumaha cara ngolah data anu kacangking tina hasil panalungtikan. Tina ieu bab baris kagambar penyusunan bab saterusna, nya éta bab IV.

Bab IV mangrupa bab anu eusina ngadéskripsikeun hasil panalungtikan. Dina ieu bab diguar sagemblengna hasil panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik nya éta pedaran nu mangrupa jawaban-jawaban tina rumusan masalah. Dina bab IV katangén hasil atawa henteuna ieu panalungtikan.

Bab V nya éta bab anu eusina mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran nu geus diguar. Lian ti éta, aya saran anu ditepikeun ti nu nulis ka nu maca.